

# Envantè Moun k ap okipe Timoun pou Preparasyon pou Pre-K / Kindègadenn - 1/2

Pandan timoun ou an ap vanse byen vit pou rive nan laj pou li ale lekòl, ou ka ap mande tèt ou si li devlope konpetans ki nesesè yo pou li reyisi nan nouvo pati difisil sa a nan anfans li. Pou ede timoun ou an ak chanjman an, Pwogram Edikasyon Migran Pennsilvani (Pennsylvania Migrant Education Program) ba ou lis konpòtman yo ki annapre a ke distri lekòl yo ak pwogram preskolè yo nan tout Eta a toujou chèche pou konnen si yon timoun ka jwenn konpetans eskolè ki nesesè pou eksperyans lekòl la. Si ou travay ak timoun ou an lakay ou, sa pral ede asire yon tranzisyon agreyab ak san pwoblèm nan lekòl la. Tanpri sonje: tout timoun ki reponn a egzijans lokal yo pou detèmine laj pou kindègadenn kalifye pou yo ale nan kindègadenn. Yo pa dwe janm itilize resous sa a pou ekskli pou kindègadenn yon timoun ki gen laj ki fè li kalifye.

Wi	Poko	#	Devlopman Sosyal ak Emosyonèl	Egzant pou repons Wi
		1	Èske timoun ou an reyaji lè li separe avèk manman ak papa li?	Timoun nan separe fasilman epi ak kè kontan.
		2	Èske timoun ou an konnen non chak moun k ap viv nan kay la?	Timoun nan idantifye tout moun avèk non yo epi li di yon bagay li konnen apwopo chak moun.
		3	Èske timoun ou an rezoud konfli ki senp yo poukонт li?	Timoun nan rezoud konfli yo poukонт li, pandan l ap panse a bezwen ak dezi pwòp tèt li ak pa lòt moun.
		4	Èske timoun ou an konprann règ ak konsekans?	Timoun nan konnen epi respekte règ yo epi li ka eksplike rezon ki fè gen règ sa yo.

Wi	Poko	#	Devlopman Lang ak Alfabetizasyon	Egzant pou repons Wi
		1	Èske timoun ou an konnen tout non li ansanm ak laj li?	Timoun nan endike tout non li epi li montre laj li avèk dwèt li.
		2	Èske timoun ou an ka fè diferans ant lèt yo ak chif yo?	Timoun nan rekonèt epi site kèk lèt ak kèk chif.
		3	Èske timoun ou an ka endike po devan, po dèyè ak tit yon liv?	Timoun nan ka montre touletwa eleman yo.
		4	Èske timoun ou an ka rakonte yon istwa nan lòd kòrèk?	Timoun nan ka rakonte istwa konsènan imaj oswa evènman nan lòd kòrèk.
		5	Èske timoun ou an kapab sèvi avèk fòm ki tankou lèt oswa karaktè konvansyonèl pou ekri non li?	Timoun nan ka ekri pwòp prenon li, avèk pifò lèt yo ki kòrèk.
		6	Èske timoun ou an suiv direktiv lè yo bay yo an de-etap?	Timoun nan reponn direktiv yo epi li konprann entansyon an.
		7	Èske timoun ou an pataje eksperyans li lè yo mande li?	Timoun nan pale osijè panse, santiman ak lide pèsònèl.
		8	Èske timoun ou an pale avèk fraz konplè?	Timoun nan ka kominike ann Anglè avèk fraz konplè.

Wi	Poko	#	Panse ak Ekspresyon Matematik	Egzant pou repons Wi
		1	Èske timoun ou an ka konte de 1 a 20 omwen?	Timoun nan konte de 1 a 20.
		2	Èske timoun ou an ka idantifye 4 fòm omwen (Pa egzant: kare, sèk, triyang, rektang)	Timoun nan montre ak site 4 fòm.
		3	Èske timoun ou an kapab dekri pozisyon objè toulejou yo?	Timoun nan sèvi avèk mo pozisyon (sou, dèyè, anba, akote, devan, elatriye) oswa mo lòd (premye, dènye, elatriye) pou dekri pozisyon yon objè.
		4	Èske timoun ou an ka separe, konpare, klase 5 objè omwen dapre karakteristik tankou gwosè, kantite, fòm oswa koulè?	Timoun nan sèvi avèk yon karakteristik pou klase objè. Timoun nan separe jwèt bêt ak jwèt machin.

# Envantè Moun k ap okipe Timoun pou Preparasyon pou Pre-K / Kindègadenn - 2/2

Wi	Poko	#	Metòd Aprantisaj pa mwayen Jwèt	Egzanp pou repons Wi
		1	Èske timoun ou an renmen novo sijè, lide ak travay?	Timoun nan poze kesyon pou li konprann yon bagay ki novo. Timoun nan vle aprann novo eksperyans.
		2	Èske timoun ou an koute epi reponn pou yon istwa oswa yon aktivite ki dire plis pase 15 minit?	Timoun nan ka rete nan yon travay menm lè travay la vin difisil.
		3	Èske timoun ou an itilize imajinasyon ak kreyativite li pou li jwe avèk objè?	Timoun nan ka bay objè yo aksyon ak mouvman pou li jwe avèk objè diferan.
		4	Èske timoun ou an kapab rezoud pwoblèm poukонт li?	Timoun nan eseye rezoud pwoblèm nan plis pase yon sèl fason.

Wi	Poko	#	Sante, Byennèt, ak Developman Fizik	Egzanp pou repons Wi
		1	Èske timoun ou an ka idantifye epi lokalize pati nan kò?	Timoun nan ka endike ak site plizyè pati nan kò san okenn èd.
		2	Èske timoun ou an pratike woutin debaz yo poukонт li?	Timoun nan fòme pou twalèt Timoun nan ka lave men li, Timoun abiye tèt li, Timoun nan bwose dan li, Timoun gen yon woutin pou dòmi.
		3	Èske timoun ou an ka sèvi avèk istansil kòrek yo pou li manje ak bwè poukонт li?	Timoun nan sèvi ak fouchèt, kiyè, kouto, napkin, asyèt, bòl ak gode kòmsadwa.
		4	Èske timoun ou an ka demonstre kowòdinasyon mouvman kò nan jwèt gwo mouvan/aktif?	Timoun nan kapab monte ak desann eskalye. Timoun nan kapab kouri epi choute yon balon.
		5	Èske timoun ou an ka mete ak retire poukонт li rad ekstèn yo (manto, bòt, chapo, gan)? (epitou zipe, boutonnen, ak mare yo).	Timoun nan ka abiye ak dezabiye tèt li poukонт li; chosèt, soulye, pantalon, mayo, djakèt, gan ak chapo.
		6	Èske timoun ou an ka itilize sizo avèk kontwòl ak entansyon?	Timoun nan koupe liy dwat ak koub.
		7	Èske timoun ou an ka ekri ak desine avèk yon priz fonksyonèl.	Timoun nan itilize senk, kat oswa twa dwèt pou kenbe enstriman yo pou li ekri.

Timoun mwen an gen \_\_\_\_\_ Wi.